

Èske Biwo Asistans Konte a te fè yon erè?

OU KA FÈ APÈL!



Ki desizyon ou ka fè apèl kont yo??



- Yo sispann avantaj ou yo (kat medikal, asistans lajan kach, oswa kupon manje)
- Ou kontinye ap eseye repwograme yon randevou ou te rate, men yo toujou sispann avantaj ou yo.
- Yo pèdi papye ou yo.
- Yo te refize aplikasyon w lan.
- Nenpòt lòt desizyon ou pa dakò avè l.

Fè apèl touswit pou kenbe avantaj ou yo!

Pa rete tann! Ou ka pèdi dwa ou pou fè apèl. Ou ka toujou anile l pita.

Apèl nan lespas 15 jou.

Si ou fè apèl nan lespas 15 jou apati dat avi a, avantaj ou yo p ap chanje pandan y ap deside sou apèl la.

Ou ka toujou fè apèl apre 15 jou:

- Apèl nan lespas **30** jou pou Medicaid oswa lajan kach (TANF)
- Apèl nan lespas **90** jou pou SNAP



Kisa k ap pase apre sa?

Y ap pwograme odyans lan nan kèk semèn. Sa ba ou tan pou eseye rezoud pwoblèm nan ak biwo byennèt sosyal la an premye.

Ou chanje davi? Ou ka anile apèl la nenpòt lè.

Ou vle èd ak apèl ou a? Vini nan Community Legal Services!

- Kite yon mesaj vokal pou ou (215-227-2400) nan jou Lendi ak Mèkredi 9AM-12PM
- Vini nan biwo nou an san randevou (1410 W Erie Ave) nan Madi ak Jedi 9AM-12PM

Fason Pou Fè Apèl kont yon Avi CAO



Avi ou a ki soti nan Biwo Asistans Konte a (CAO) gen ladan l yon paj ak yon tit tankou sa a:

Fair Hearing Form

Swiv enstriksyon yo pou reyalize 10 etap ki nan fòmilè sa a.

Ti konsèy pou ranpli fòmilè apèl la:

- Si avi a afekte plizyè avantaj, ou ka fè apèl kont yo tout nan menm fòmilè a.
- Di CAO a poukisa ou pa dakò: sa ka senp tankou "Mwen kalifye pou avantaj yo." Ou ka bay plis detay pita.
- Di yo si ou vle avantaj ou yo kontinye pandan w ap tann rezilta apèl la. Anjeneral, nou konseye w pou make **WI**.
 - * *Gen risk pou si ou pèdi apèl ou a pita, CAO a ka mande w pou remèt avantaj ou pa te kalifye pou yo.*
- Ou gen dwa pou gen yon odyans fasafas oswa yon odyans nan telefòn. Nou konseye moun yo pou mande yon odyans fasafas ak prezans anplwaye CAO a (. 4^{em} opsyon ki nan kaz la).
- Si ou bezwen èd espesyal akòz yon andikap oswa si ou bezwen yon entèprèt, gen yon espas pou ekri sa sou fòmilè a. CAO a ap bay aranjman ak sèvis entèpretasyon gratis pou moun andikape.
- Si yon moun ap ede w ak apèl ou a, yo ka mete enfòmasyon yo sou apèl la antanke reprezantan w.

Menm si ou pa resevwa yon avi, ou ka toujou fè apèl.

- Senpleman ekri apèl ou a sou yon fèy papye blanch.
- Di ki desizyon w ap konteste a, bay non ou, nimewo dosye CAO ou a oswa nimewo Sekirite Sosyal ou, epi mete siyati w.

Fason pou soumèt apèl ou a:

- Fè yon kopi apèl ou a pou konsève nan dosye w yo, apre sa remèt apèl la nan men bay CAO lokal ou a. Asire ou resevwa yon resi "depozisyon" nan resepsyon an.
- Si ou pa ka rive nan CAO ou a, voye apèl ou a pa lapòs sètifye avèk resi retou ou te mande a.